



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 80 MILYON TÈS COVID-19 SAN
PRESKRIPSYON TE DISTRIBIYE BAY NOUYÒKÈ YO**

***81,720,820 tès te distribiye depi desanm 2021, avèk plis pase 100 milyon tès an
total ke eta a te achte***

***Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo vizite youn nan plizyè milye sit
vaksinasyon yo atravè eta a pou rete pwoteje kont COVID***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te distribiye plis pase 80 milyon tès COVID-19 san preskripsyon jiskaprezan nan kad efò administrasyon an k ap kontinye fèt pou kenbe Nouyòkè yo pwoteje pandan pandemi an. Y ap founi tès adomisil rapid yo regilyèman bay lekòl yo ak mezon retrèt yo nan eta a.

"Tès rete yon zouti enpòtan pou idantifye ka COVID-19 yo ak limite pwopagasyon viris sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou deja distribiye prèske 80 milyon tès COVID-19 bay Nouyòkè yo, epi n ap kontinye ranfòse preparasyon nou pou lavni, kenbe kominote nou yo an sekirite epi avanse an sekirite atravè pandemi sa a."

Pandan tès adomisil kontinye jwe yon wòl enpòtan nan idantifye ka yo ak bese pwopagasyon COVID la, Gouvènè Hochul ak Komisè Bassett ak Bray ankouraje Nouyòkè yo pou yo vaksinen ak pran dòz rapèl kòm pi bon mwayen pwoteksyon kont COVID-19. [Sit vaksinasyon gratis Eta a yo](#) rete ouvri epi nou ankouraje Nouyòkè ki gen 50 ane ak pi gran yo pou yo pran yon dezyèm dòz rapèl dapre konsèy CDC ki fèk elaji a.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Gouvènè Hochul, Depatman Sante Eta a ak mwen menm kontinye egzòte tout Nouyòkè yo pou yo fè tès lè yo pa santi yo byen oswa lè yo te potansyèlman ekspoze - sa gen ladan apre yo vwayaje oswa patisipe nan evènman - epi pou kontakte yon founisè swen sante touswit apre yo fin teste pozitif pou diskite kalifikasyon yo pou tretman. Nouyòkè yo ta dwe fini seri vaksen COVID-19 inisyal yo epi pran dòz rapèl lè yo kalifye, pandan vaksinasyon an se toujou pi bon mwayen pou pwoteje yo kont maladi grav ak ospitalizasyon".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "New York se youn nan rezo distribisyon twous tès ki pi solid nan peyi a gras

ak lidèchip Gouvènè Hochul. Se yon etap enpòtan ke pèsònèl nan administrasyon an k ap travay tout lajounen ak lannuit atenn pou founi tès nan non Nouyòkè yo. Ansanm, n ap travay pou nou limite pwopagasyon viris la ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Depi fen desanm, 81,720,820 tès te distribiye atravè New York bay lekòl, mezon retrèt ak sant swen adilt, gouvènman lokal ak kèk òganizasyon san bi likratif pou pi gwo distribisyon, epitou bay Otorite Lojman Vil New York ak plizyè bank alimantè. Gouvènè Hochul te anonse anvan sa ke yo te achte plis pase 100 milyon tès adomisil pou distribiye atravè eta a pou idantifye nouvo ka yo ak limite pwopagasyon COVID-19 la.

Nan plis pase 100 milyon tès yo achte, apeprè 20 milyon tès te sere pou ede prepare pou nenpòt vag ki ta parèt nan fen ane sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418